YON GID POU TIMOUN KIVLE KONNEN PLIS SOU KORONAVIRIS

GUIDA GALATTICA AL CORONAVIRUS!

PER BAMBINI E BAMBINE CURIOSI

Endorsed by / Promosso da:

CHILDREN'S MUSEUM VERONA

explora IL MUSEO DEI BAMBINI DI ROMA

MUBA MUSEO DEI BAMBINI MILANO

GENOVA La città dei bambini. e dei RAGAZZI Gioco, Scienza, Tecnologia

“La curiosità può vincere la paura ancor più di quanto possa fare il coraggio”

—

“Curiosity will conquer fear more than bravery will”

James Stephens

EasyReading® Font

Carattere ad alta leggibilità

DYSLEXIA FRIENDLY

Questa storia nasce nella lontana Wuhan, una città della Cina attraversata dal fiume Azzurro.

Istwa sa kòmanse byen lwen nan Wuhan, yon vil nan peyi lachin, tou pre larivyè Ble.

Qui viveva un medico di nome Li Wenliang, che per primo notò qualcosa di strano in pazienti con una grave forma di influenza.

Spinto dalla curiosità, iniziò a studiare e raccogliere dati. Fu così che decise, qualche giorno dopo, di dare l'allarme: stava per diffondersi una nuova malattia!

Yon doktè ki rele Li Wenlyang, ki rete nan lavil sa a, te premye moun ki dekouvri ke malad yo ki gen gwo grip sevè, te prezante sentòm etranj.

Dekouvèt sa a te fè li anvi konnen plis sou sa. Se konsa li te kòmanse etidye epi ranmase enfòmasyon.
Yon ti tan apre, li te deside atire atansyon moun sou nouvo maladi sa ki ta pral gaye toupatou!

tosse
Tous
Lafyèv
febbre
mal di gola
Gòj fè mal
Tèt fè mal
mal di testa
difficoltà a respirare
Difikilte pou respire
raffreddore
Grip

Medici e scienziati si misero immediatamente al lavoro e scoprirono il colpevole!

Un microbo talmente piccolo da riuscire ad arrivare fino alla parte più piccola dei nostri polmoni.

Il suo nome è Sars-CoV-2, ma si fa anche chiamare **Coronavirus**.

Doktè ak syantis yo, touswuit te fè rechèch pou yo te ka dekouvri koupab la.

Yo te jwenn yon ti mikwòb, li si tèlman piti, li kapab rive nan pipiti pati nan poumon yon moun.

Non li se Sars-CoV-2, oswa nou ka di tou senpleman **koronaviris.**



Quanto è piccolo il Coronavirus?

Talmente piccolo che sulla punta di un ago ci possono abitare oltre 350 mila virus, quasi come la popolazione di Firenze!

Kòman piti se koronaviris?

Li tèlman piti ke plis pase 350.000 viris nan menm kalite kapab viv sou pwent tèt yon zegwuiy. Yo ka konpare yo prèske tankou popilasyon moun k ap viv nan lavil Florence.

Non solo è piccolo, è anche un tipo appiccicoso e atletico!
Basta uno starnuto per fargli fare un salto di quasi 2 metri.

In questo modo ha viaggiato velocemente, fino ad arrivare in Italia e in tanti altri paesi.

Koronaviris la pa sèlman piti, li kole di, li renmen fè espò!

Yon sèl kout etènye sifi pou fèl vwayaje jiska anviron 2 mèt distans. Se pou rezon sa li ka sòti nan yon peyi epi gaye nan anpil lòt peyi.

Nel nostro paese il Coronavirus è diventato subito una star.

Radio, tv, giornali e gli adulti non fanno altro che parlarne.

Hanno persino chiuso le scuole.

Non koronaviris vin popilè byenvit.

Radyo, televizyon, jounal, tout moun ap pale anpil sou sa kounye a.

Nan lòt peyi, yo te menm rive fèmen lekòl yo.

PASPÒ
PASSAPORTO

Nome / Non:
CORONAVIRUS
KORONAVIRIS

Provenienza / Ki kote li sòti:
CINA / LACHIN

Altezza / Wotè:
100 NM

Residenza attuale / Rezidans aktyèl li:
IN GIRO PER IL MONDO/
NAN TOUT LEMOND LAN

Segni particolari / Kijan ou ka rekonèt li:
SIMPATIA CONTAGIOSA /
LI VLE OU FÈ ZANMI AVÈ L.

Difetto / Ki defo li:
HA UNA PESSIMA
INFLUENZA SU TANTI /
LI GEN MOVE ENFLYANS
SOU ANPIL NAN NOU

NM =
NANOMETRI/
NANOMÈT

Sembra strano non uscire più con gli amici, eppure è importante perché potrebbe bastare uno starnuto, un abbraccio o una stretta di mano per ammalarci.

Gli scienziati dicono che il virus si diffonde molto velocemente in luoghi chiusi e affollati.
Sta proprio bene con tutti, non importa che lingua parli, da dove vieni e quanti anni hai.

Sa fè lapenn lè w pakapab rete tou pre zanmi w yo. Men li enpòtan pou w pa fè sa, paske, yon sèl etènye, yon akolad osinon yon lanmen sifi pou kontamine w, e fè w malad.

Syantis yo di viris la pwopaje rapid nan kote kay fèmen ak kote gen anpil moun.
Li pa gen pwoblèm ak pèsonn, kelkeswa lang ou pale, peyi kote ou sòti, laj ou genyen.

Per evitare che lui si diverta troppo saltando di persona in persona, gli scienziati e i medici stanno studiando giorno e notte un modo per sconfiggerlo.

Dicono che non bisogna aver così paura di lui, ma essere cauti.

Bastano piccoli gesti da parte di tutti per non farlo diffondere. Si chiama prevenzione.

Pou anpeche viris la pran plezi flannen sòti nan yon moun al nan yon lòt moun, syantis yo, doktè yo ap fè rechèch, y ap etidye lajounen kou lanwuit pou jwenn jan pou yo konbat li.

Yo di nou pa ta dwe tèlman pè. Nou dwe sitou pran prekosyon.

Men, gen bagay ou ka fè pou anpeche viris la pwopaje. Yo rele sa prevansyon.

6 PICCOLI GESTI
PER COMBATTERE IL
CORONA
VIRUS
6 TI JÈS POU KONBAT
KORONAVIRIS LA

1 Lavati regolarmente le mani con acqua e sapone.
Lave men nou souvan ak dlo, ak savon.

2 Quando starnutisci o tossisci copriti la bocca usando un fazzoletto o il braccio... e lavati di nuovo le mani!
Lè w estènen oubyen touse, bare bouch ou ak pli koud ponyèt ou, oswa, mete mouchwa devan bouch ou, apre sa, lave men w.

3 Evita di frequentare luoghi chiusi e affollati.
Evite espas kote ki gen anpil moun tankou: nan mache, legliz, lekòl, ouvo rasanbleman piblik (elatrye).

4 Non toccarti occhi, naso e bocca...le più importanti porte di ingresso del virus nel nostro corpo.
Pa mete men nan zye w, bouch ou, nen w..
sa yo se kote viris la ka antre nan kò nou.



5 Butta i fazzoletti usati.
Jete papye ou mouche nen w.



6 Se hai la febbre, mal di gola, e ti senti l'influenza non mettere a rischio la tua salute e quella degli altri, resta in casa.
Ma se devi uscire indossa la mascherina!
Si w gen lafyèv, gòj fèmal, epi ou santi grip la, pa mete tèt ou ni moun lakay ou an danje.
Rete lakay ou.

Resteremo a lungo senza incontrare i nostri amici? Forse potrebbe passare un po' di tempo, ma gli scienziati stanno lavorando per farci tornare alla normalità.

Nel frattempo mettete in moto la vostra creatività! Tanti ragazzi di tutto il mondo stanno già inventando altri modi divertenti per salutarsi senza toccare le mani o abbracciarsi...e voi quale saluto inventerete?

Eske n ap rete lontan san nou pa rankontre ak zanmi nou yo ankò? Yon tan ka pase, men syantis yo ap travay pou ede nou retounen nan lavi nòmal.

Pandan tan sa a, ann sèvi ak lespri kreyatif nou! Anpil timoun ki toupatou nan monn lan gentan envante lòt jan pou salye youn lòt san yo pa manyen lòt la, oubyen pou bay akolad....
E oumenm, ki nouvo fason w ap itilize?



Scritto da / Moun ki ekri a Erika Nerini e Daniela Longo

Supporto editoriale / Sipòtè editoryal Roberto Lei

Supporto grafico / Sipò grafik: Daniele Gozzi

Traduzione / Tradwui pa
Ass. PONTE – Centre d'Éveil et Apprentissage de Léogane

Illustrazioni e adattamento grafico
Ilistrasyon ak Desen Alessia Catania

Direzione di progetto
Moun yo ki mennen pwojè a Lucio Biondaro e Alessio Scaboro

Promosso da/ Sipòte pa:

CHILDREN'S MUSEUM VERONA

explora IL MUSEO DEI BAMBINI DI ROMA

MUBA MUSEO DEI BAMBINI MILANO

Genova La città dei bambini. e dei Ragazzi Gioco, Scienza, Tecnologia

Un progetto di/
Yon pwojè ki fèt pa:

PLEIADI SCIENCEFARMER